Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

№ 43 (7235) 14 октябрь Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ



## Поздравление



Уважаемый Владимир Владимирович!

От имени администрации МО «Унцукульский район», районного Собрания депутатов и от меня лично примите самые сердечные поздравления, и наилучшие пожелания по случаю Вашего Дня рождения!

С Вашим именем связывают возрождение и единение России, отстаивание государственных интересов на геополитическом пространстве, развитие духовности и патриотизма российского народа. От всей души желаю Вам дальнейших успехов, новых побед и свершений во благо Российского государства и его народа, крепкого здоровья, счастья и благополучия!

**С уважением глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

## М. Дахадаевасе бюст рагьана



**Араб анкьалда районалъул администрациялда цебе рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана цIар рагIарав революционер, лъаялде ахIулев чи, общественнияв хIаракатчи, цIилъи гIуцIулев нилъер ракьцояв МахIач Дахадаевасе бюст. Гьенир гIахьаллъана Унсоколо, Хьаргаби ва цогидалги районазул бутIрул, МугIрузул территориалияб округалъул вакил Абулмуслим Абулмуслимов, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва цогидалги.**

М. Дахадаевасе лъураб бюст рагьулаго А. Абулмуслимовас абуна: Гьев чи ккола нилъер тахшагьаралда цIар лъурав, арал гIелаз жиндир хIакъалъулъ гIемерал лъикIал рагIаби абурав, бокьараб рецц-бакъалъе мустахIикъав инсан. Ахирияб заманалда гIемерал дагIба-рагIиял рукIана гьесул ва цогидалги бахIарзазул бюстазда ва памятниказда сверухъ.

(Ахир 2 гъумералда)

## «МагIарул кочIол сордо» фестивалалда






Метер магIарул мацI хвезе батани
Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун…
Щай дий къваригIараб магIарул тIалъи
Дир гьаракь бахъани, дир лъималахъа,
Щай дий магIаруллъи, магIарул чияс
Чияр мацI бицани, жиндирго гъасда.

Гьедин ахIана жиндирго «Авар мацI» абураб цIар рагIараб кочIолъ машгьурав поэт ва хъвадарухъан Расул ХIамзатовас. Россиялдаго машгьурав аваразул поэтасего гIадин авар мацI бокьула аза-азар аваразе, Дагъистаналъул магIарулазе. 7 октябралда районалда тIобитIана тIолабго Аваристаналъул вакилзаби гIахьаллъараб «МагIарул кочIол сордо»,-абураб конкурсалъулаб фестиваль. ГIемермиллатазулаб Дагъистаналъул I7 районалдаса гIадамал ракIарун рукIана гьенире. Гьеб магIарулазул рохалиде гьоркьоре рачIун рукIана даргиназул, лаказул вакилзабицин. Поэзиялъул вечер тIобитIулеб букIана Дагъистаналъул мугIрузул соналъул хIурматалда. МугIрузул бакьулъ бугеб Унсоколо районалда гьеб тIобитIи кIудияб рохеллъун ккола районцоязе.

РакIалде щвезабизин фестиваль тIобитIулеб букIана МугIрузул территориалияб округалъул рахъалдасан РДялъул БетIерасул вакил Абулмуслим Абулмуслимовасул, РДялъул культураялъул министерствалъул, ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб авар театралъул хIаракаталдалъун. Рохалилаб къагIидаялъ фестиваль рагьулаго тIоцебе кIалъазе рагIи кьуна Югалъулаб территориалияб округалдасан РДялъул БетIерасул вакил ГIали Хасбулатовасе. Гьес салам кьуна киналго ансадерие, дагъистаниязе, баркана гьайбатаб праздник. Ва абуна: жиндие кIудияб рохел бугин кIиго имам ва цIар рагIарал гIадамал жанир рахъараб, бечедаб культура-тарих бугеб ракьалда тIобитIулеб тадбиралда гIахьаллъизе щвей,-абун. «Изну кье дие нижер ракьцоязул киналго конкурсалъулал гIахьалчагIазде гьабураб гьара-рахьи нужехъе кьезе. Релъи, рохел, битIккей гьарула щивасе! ЦIакъ лъикI ккана гьаб праздник рииялда ва хаслихълъиялда гьоркьоб тIобитIулеб букIин.

(Ахир гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 43 (7235)*

*14 октябрь 2016 сон*

2 гьумер

РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас РФялъул МахIачхалаялда бугеб къватIисел улкабазул ишазул Министерствалъул вакиллъун тIамун вуго ГIамирхан МухIамаддадаев. Цеве чиновникас нухмалъи гьабулеб букIана Дагъистаналъул АТКялъул аппараталъул отделалъе. БатIи-батIияй заманабазда МухIамаддадаев хIалтIана история лъул, археологиялъул гIелмияб Централда, кьолаан гIараб мацI, вукIана МугIрул территориялъул вакиласул замлъун.



# «МагIарул кочIол сордо» фестивалалда

Гьелъ нилъер миллатазулал хаслъаби, бер цинлъи, нилъер бечелъи, рокьи, лъикIлъи беричго бихьизабула. Нилъеда ракIалда буго Дербенталъул юбилей, гьелъ Россиялъул цогидал регионазулгун бухьен щула гьабуна Дагъистана лъул. РакI-ракIалъ гьарула фестивалалъ гIадамал цолъизари»,-ян абуна ГI. Хасбулатовас.

Гьединго кIалъана РДялъул БетIерасул МугIрузулаб округалъул вакиласул зам. М. Мажидов. Гьес бихьизабуна фестивалалъул мурад бугин гIадамазул цоцалъ гьуинлъи гьудуллъи щулалъи, гьединго махщел бугел тIатинари,-абун.

Тадбиралъул гьалбадерие салам кьуна тадбир гIуцIарал «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. –Дун кутакалда вохарав вуго ансадерил баракатаб ракьалда гьаб тадбир тIобитIулеб букIиналдаса,-ян абуна гьес. -Гьанире ракIарун руго махщел камилал магIарул кечI ахIулел, аваразул поэзия бокьулел. Унсоколо район буго кIиго Дагъистаналъул имам жанив вахъараб, цIар арав МахIач Дахадаев гьавураб, данде кквезе чи гьечIев ХъахIабросулъа МахIмуд вижараб ракь. Жакъа гьанире рачIун руго гIемерал районаздаса вакилзаби. Дун божарав вуго гьаниб бараб заманаялъ цIияб къуват кьелин ва разиго хутIилин нижехъе рачIарал»,-абун.

Жюриялъул председательлъун вукIана Авар театралъул директор М-Р. МухIамадрасулов. Гьес киналго жюриялъул членазда гьарана щибаб церера хьиналъе къимат кьолаго ритIухъаллъун рукIайин. Фестиваль рагьана тадбира лъул бетIергьаби – ансадерица.

# «КочIол сордоялъул» хIасилал




Лъалеб букIахъе районалда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана «МагIарул кочIол сордо». Республикаялъул I7 районалдаса гIахьалчагIи рачIун рукIана гьелда гIахьаллъизе. КучIдул ахIана авар, лак, дарги мацIазда. Гьединал тадбираз щула гьабула миллатазда гьоркьоб гьудуллъи.

ХIасилал гьарулаго бергьенлъи цоцада гьоркьоб бикьана Шамиль ва ЧIарада районаз. КIиабилеб бакIал гьоркьор рикьана Унсоколо, Гъуниб, Хунзахъ районаз. Лъабабилеб бакI – ГIахьвахъ, Лаваша, Болъихъ районаз.

Фестивалалда рукIана цогидал номинациялги. БатIа гьабуна «Бищунго гIолохъанаб гьаракь» - Расул ГIумаров, Хьаргаби районалдаса. Бищунго чIахIияй гIахьалчагIи рукIана Щумада районалдаса СагIид МухIамадов, БежтIа участкаялдаса Халисат МухIамадовагИ.

Балагьаразул симпатиялъе мустахIикъ лъана Гумбет районалдаса Майсарат ГIабдулаева, аваразул кучIдул тIад калам гьечIого ахIиялъе лъикIаллъун рихьизаруна ЛъаратIа районалдаса ГIабдула ГIабдулаев, ЦунтIа районалдаса ГIайшат МухIамадова ва Лаваша районалдаса Арсен Дахадаевасул ва АхIмад Абакаровасул дуэтги.

Баркула фестивалалъул гIахьалчагIазда бергьенлъаби!

# Унти бахчуге

**Гьал хадур рехсарал гIаламатал черхалъулъ раккаралго, нахъ бахъичIого врачасухъе ине ккола:**

1. Хъалалда ругел цIинкразул ахирияй моцIазда кьер хисулел ва кьватIулел, кIодолъулел ругони.
2. Хъалада, кIутIбузда, кIалдиб, мацIалда лъугьани кьватIи, кьвакIи ва тIад жо бахъин.
3. Черхалъул гIилла гьечIого хIал дагълъи, кваниде кьасд ккунгутIи, хIалакълъи, чIечIого гIупал риччай, лагIи, рихел, кванирукъ цIун бугеб гIадин букIин ва унти.
4. Гьизалда ва кIущалда цадахъ би бачIин.
5. Керен унти, хьегIдун-тун бачIунеб чороклъиялда цадахъ би бачIин, гьаракь загIиплъи.
6. Рахьдал керенална кьвакIарал бакIал лъугьин, кьватIи ва ругьнал рахьдал моцIоялда лъугьин.
7. БачIине ккола реб заманалда гIавраталдасан би ва бидул кьераб лъамалъи бачIин.

**М. ХИЗРИЕВ.**
**Тохтур-онколог**

# М. Дахадаевасе бюст рагьана

Дица рикIкIуна гьединал дагIба-рагIияй рукIине хIажат гьечIин. Гьаб бюст ккола МахIач Дахадаев бахIарчи гIадин хвеялъе цоги кьучI, гьес гIагараб Дагъистан цебетIеялъе лъураб кьучIлъун ракIалде щвезабиялъе гIаламат. Гьес кIудияб бутIа лъуна ни лъер республика цебетIеялъулъ, тIегьаялъулъ». Гьединго полпредас абуна республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас гIемераб жо гьабулеб бугин М. Дахадаев халкъалда кIочонаревлъун гьавиялъе. «Риччай гIемерал гIадамал рукIине нилъ рокьулел ва нилъее рокьулел,-ян абуна ахиралдаги гьес.

М. Дахадаевасул захIматаб гIумроялъул нуха лъул бицана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес абуна: «МахIач гьавуна гIадатияв маххул къебедасул хъизаналда ва жиндаго кIвана лъая лъул ва бажариялъул борхалъуде вахине. Жакъа гIемеразда лъаларо кинав вукIарав МахIач Дахадаевали, щиб гьес гIагараб Дагъистаналъе гьабурабалиги. Ратула лъил хIурматалда тахшагьаралда цIар лъурабалицин лъаларел. Гьеб рахъ хисизабизе бокьун буго нилъее. Цин нилъедаго лъазе ккола нилъер бахIарзал ва гьезул бахIарчияй ишал,-ян бихьизабуна бетIерас.

ГIемераб бицана районазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъул, нилъер националияб культураялъул, тарихалъул, гIадамазул. Гьелъие гIоло тIобитIана районалда «МагIарул кочIол сордо» фестивальгIи.

Дахадаев районалъ – 85 сон

# Мадугьалзабазул рохел кIодо гьабуна



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь ни лъер районалъул вакилзаби щвана Дахадаев районалъ 85 сон тIубай кIодо гьабизе гьелъул муниципалитеталде. Гьенив гIахьаллъана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповги. Тадбир тIобитIулеб букIана Уркарах росдал кIудияб майданалда.

Гьалбадерие ракI-ракIалъулаб салам кьуна Дахадаев районалъул муниципалитеталъул бетIер Жарула ГIумаровас. Гьединго гьес цIалана Рамазан ГIабдулатIиповасе «Дахадаев районалъул хIурматияв гражданин»,-абураб решение ва гьесухъе кьуна ракIалде щвеялъул гIаламат.

Дагъистаналъул БетIерас муниципалитеталъул гIадамазе саламалъулал рагIаби абуна: «Нужер районалъул руго гьваридал тарихияй кьалбал. Районалъул цIарцин буго бахIарчи МахIач Дахадаевасул цIаралда бухьараб. Жакъасел хIасилазухъ балагьун квеш хIалтIулел гьечIо дахадаевцал, божизе бокьун буго жеги кIудиялъеги рес бугел ругин нужин, гьаб район кидаго букIана захIматчагIазул ва махщелчагIазул район».

Рохалида гIахьаллъарав ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна гьезул нухмалъиялъе хинаб къабул гьариялъухъ. Районалъул нухмалъулев Ж. ГIумаровасе кьуна ансадерил махщелчагIазул тIагIел. Хадур цере рахьана районазул коллективал, ансадерил махщелчагIиги.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 43 (7235)*

*14 октябрь 2016 сон*

*3 гьумер*

Россиялъул БахIарчи МухIамад НурбахIандовасул рагIаби жакъа мисаллъун руго гIолеб гIелалъе. Жинда цеве террористаз чIварав вацгIал вукIаниги, гьез органазда хIалтIи рехун те,-ян полициялъулазде хитIаб гьабе,-ян тIалаб гьабулеб букIаниги, МухIамадица гьезде «хIалтIе»,-ян ахIана ва гьесул «ХIалтIе, вацал»,-абурал ахирисел рагIаби машгьураллъул лъугьана



«Дагъистан терроризмалде данде - ВатIан сундусаго хирияб буго» месячник

# ГIумроялъулъа квешабщинаб лъугIизабизин

**Гьал къоязда редакциялъул мухбир щвана республикаялда «Дагестан против терроризма – Родина дороже»,-абураб ахIиялда гъоркь тIобитIараб месячникалъул хIасилазул лъазе гIоло РДялъул МВДялъул районалда бугеб отделалде. Гъоркье-хун бахъулеб буго моцIалъ районалда гьарурал хIалтIабазул хIакъалъулъ.**





Сентябрь-октябрь моцIазда нилъер республикаялда унеб букIана «Дагестан против терроризма – Родина дороже»,-абураб ахIиялда гъоркь экстремизм-терроризмалда данде чIеялъул месячник. Гьелъие РДялъул Правительствалъ гьабун букIана хасаб планги, гьеб гIумроялде бахъинабиялъе рахъинарун рукIана киналго муниципалитетал, къокъго абуни тIолабго ихтияр цIуниялъул, лъай кьеялъул, культураялъул бутIабазул гIадамал.

Нилъер районалдаги тадбир тIобитIана I2 сентябралдаса I2 октяб-ралде щвезегIан. ТIубараб моцIалъ хIалуцараб хIалтIи гьабуна гьеб ишалда хурхун нилъер ихтияр цIунулез, районалъул ва росабазул администрациябаз, учреждениял-организацияз.

Унсоколо районалъул территориялда буго I5 гIаммаб лъай кьеялъул школа, 3 ООШги. Гьенир цIалулел руго 33I6 цIалдохъан, 3 ДЮСШ, 2 лъималазул творческияб рукъ, I3 школазул гIумроялде рахинчIезул учреждение.

Полициялъул участковиял вакилзабаз Генуб, Балахьуни, Майданское, Рихьуни, Унсоколо, Шамильхъала поселокалъул школазда тIоритIана цIалдохъабазулъгун батIи-батIиял идеязде пикро буссине биччаларел, гьелдехун бичIчIигун лъимал ралагьизе тIамулел гара-чIвариял, гьединго гьаруна экстремизмалде, закон хвезабиялде, такъсиралде гьетIи гIолеб гIелалъулъ лъугьунгутIиялде руссарал профилактикиял гара-чIвариял, бицана Россиялъул Бах1арчи Му-х1амад Нурбах1андовасул бах1арчилъиялъул.

ЦIалул процессалъ гъорлъе рачинчIел саназде рахинчIел лъимал тIатинарулаго батIи-батIиял махщелазул, хасго лъай кьеялъул вакилзабиги гьоркьоре рачун тIоритIана росабалъ рейдал ва тIатана гIилла гьечIого школазде хьвадуларел лъимал росабалъ рукIин.

УУПалъул ва ПДНалъул хъулухъаз районалъул диниял гIадамалги гьоркьор гIахьал гьарун Унсоколо, Генуб, Балахьуни, Рихьуни, Майданское, ГьаракIуни росабалъ школазда тIоритIана школалъул цIалул заманалда мадрасабазда ца дахъ ккезабун занятиял гьарунгутIиялде руссарал халгьариял. Гьаб соналда гьарурал гьединал хIалтIабаз цого заманаялъ занятиял рукIиналъул хIужаби школаздагун мадрасабазда цо-ниги тIатинчIо.



«Дагестан против терроризма-Родина дороже»,-абураб моцI тIобитIулагоги лъай кьеялъул хIалтIухъабазда цадахъ гIемер рахъазулаб хIалтIи гьабуна УУПалъул ва ПДНалъул хъулухъаз.

ЦIалдохъабазулъ миллатазда гьоркьосел тунка-хIусиял рукIунгутIиялъе, терроризм-экстремизм балагьаб идеология букIин бичIчIиялъе ц1алана лекциял, гьаруна классалъул сагIтал, профилактикаялъе гьаруна занятиял. Гьел лъикI ана Генуб, Заманаялъулаб, Шамильхъала поселоказда, Унсоколо, Рихьуни, Майданское, Балахьуни росабалъ.

Районалъул администрациялъул саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабулеб комиссиялъгун цадахъ лъазаруна ПДНалъул учеталде росарал, туснахъалде яги НВФялда гъорлъ рукIун эбел-эмен тIаг1инарурал, лъималазул социалиялгун экономикиял шартIал, рукIарахъиналъул ахIвал-хIал. ТIоритIулел руго росабазул мажгитазул имамазулгун гара-чIвариял. Гьел ахIана битIараб гIадатияб исламалдаса къуричIого хIалтIи бачине. Гьезда гьоркьоб хал гьабулеб буго диниябгун экстремистлъиялъулаб хасияталъул ахIвал-хIал бугищали, гIолилазул гьеб рахъалде бугеб бухьен лъазабулеб ва гьезда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабулеб буго.

УУПалъул ва ПДНалъул хъулухъаз цадахъ ОУРалъул ва райадминистрациялъул хIалтIухъабигун цIикIкIараб кIвар кьолеб буго Генуб, Заманаялъулаб поселокалда, Балахьуни, Майданское, ХарачIи росабалъ профилактикияб хIалтIи гьабиялде. Росабазул гIадамазул хал гьарула, кIвар кьола экстремизм-терроризмалъе гIоло тамихIалде цIаразде, хал ккола гьез экстремизмалъулал идеял гIадамазда гьоркьор тIибитIизарулел ругищали. Гьеб хIалтIи кутакалда хIалуцун букIана «Дагестан против терроризма – Родина дороже» месячник тIобитIулаго.

# Аппараталъулаб совещаниялда

11 октябралда районалъул администрациялда букIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьеб гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь. Балагьиялде росун рукIана: хасалиде хIадурлъи, коммуналияб хъулухъалъул хIакъалъулъ, районалъул территориялдаса мусор бакIари ва гь. ц. Совещание байбихьана нилъер гьайбатав ракьцояв М. Дахадаев ракIалде щвеялъе республикаялда ва районалда гьарурал хIалтIабаздасан.

Совещаниялда бетIерас бицана: республикаялъул тахшагьаралда М. Дахадаев ракIалде щвеялъе тIобитIана митинг. Гьеб ва цогидалги тадбирал букIине кколеб даражаялда ана. МахIачхъалаялда тIобитIараб митингалде ракIарун рукIана гIемерал гIадамал. КъачIан буго цIар арав бахIарчиясе бараб памятник, гьелъухъе берцинго гьабун буго нух. ЛъикI ана гьединго районалда тIобитIараб «МагIарул кочIол сордо» фестиваль. Гьелъ цоцаде гIагар гьарула гIемерал районал. Гьединго районалда М. Дахадаевасе рагьана бюст. Гьел киналго тадбирал тIоритIана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул МутIрул территориялда вугев вакил А. Абулмуслимовасул ва профессор Гъ. ГIабдурахIмановасулги кумекалда лъун. Гьединго МахIачхъалаялда тIобитIана студентаздагун гIолилазда нилъер районалъул ва МахIачил хIакъалъулъ бицараб конференция. Ниж ана Дахадев районалъул юбилеялде. Гьес баркала загьир гьабуна гьел хIалтIабазулъ гIахьаллъаразе.

Хадуб бицана гьаризесел хIалтIабазул. Бицана цIорой ккелалде школал ва ясли-ахал хасалиде хIадурлъиялъул. –Октябрь моцI буго, хасел щолеб буго, кинаб бугониги нахътIами букIине бегьуларо хасалиде хIадурлъиялъул,-ян абуна бетIерас. Гьесул зам. С. АрулмухIамадовас абухъе хIадурлъи унеб буго, баччулеб буго цIул, тIурччи.

Совещаниялда бицана лъай кьеялъул. Гьелъул нухмалъулев Л. МухIамадгIалиевас тIадчIей гьабуна районалда тIобитIизе бугеб олимпиадаялде хIадурлъи унеб бугин.

ТIадчIей гьабуна районалъул территория бацIцIадго чIезабиялде, хасалиде нухал хIадур гьариялде ва цогидалдеги. ТIуразе кколел суалазда хурхун жавабиязе кьуна тIадкъаял.

# Как получить сведения из ГКН

Сведения, содержащиеся в государственном кадастре недвижимости (ГКН), являются общедоступными и предоставляются по запросам любых лиц, в том числе в электронном виде на сайте Росреестра www.rosreestr.ru

Последовательность действий заявителя

Подготовить необходимые документы согласно списку

Подать документы одним из предложенных способов

Внести плату за предоставление сведений из ГКН

**Получить сведения из ГКН**

Получить сведения из ГКН можно любым из предложенных способов:

1. Заполнить запрос на сайте Росреестра в разделе «Электронные услуги».
2. Отправить запрос в электронной форме в виде XML-документа с использованием веб-сервисов.
3. Обратиться в офис Кадастровой палаты или МФЦ. Удостоверьтесь, что МФЦ предоставляет данную услугу.
4. Отправить запрос почтовым отправлением в офис Кадастровой палаты по месту нахождения участка или иного объекта недвижимости.

Вы можете оперативно отслеживать статус рассмотрения своего заявления с помощью электронного сервиса «Проверка статуса запроса» на сайте Росреестра независимо от того, каким способом Вы подали документы.

**Какие документы необходимы**

1. Документ, удостоверяющий личность заявителя или его представителя. Если с запросом обращается представитель заявителя, необходимо представить документ, удостоверяющий личность, и доверенность, подтверждающую полномочия представителя.
2. Запрос о предоставлении сведений из ГКН (оригинал). Бланк запроса можно скачать на сайте Росреестра или получить в офисе Росреестра, Кадастровой палаты и МФЦ.

Для получения сведений ограниченного доступа необходим документ, подтверждающий право заявителя на получение таких сведений, или его заверенная в установленном порядке копия. Представление указанного документа не требуется в случае получения сведений о кадастровой стоимости объекта недвижимости.

**Порядок оплаты и предоставления сведений**

Если физическое лицо лично представляет запрос, оплата государственной услуги производится по выбору до или после представления запроса в виде бумажного документа. Если на момент представления запроса плата не внесена, заявителю выдается заполненный бланк платежного поручения с кодом платежа для оплаты через банк или платежного агента.

В случае представления запроса в электронном виде заявителю не позднее следующего рабочего дня за днем поступления запроса направляется сообщение с указанием регистрационного номера запроса и кода платежа для оплаты государственной услуги.

Если оплата вносится после представления запроса, днем получения запроса считается день получения платежного документа об оплате или рабочий день, следующий за днем перечисления денежных средств расчетной организацией либо перечисления заявителем денежных средств платежному агенту.

Запрашиваемые сведения из ГКН выдаются заявителю или его представителю лично в течение 5 рабочих дней со дня получения органом кадастрового учета соответствующего заявления (при предоставлении сведений в виде кадастрового плана территории максимальный срок – 15 рабочих дней).

В случае если в ГКН не содержатся запрашиваемые сведения, заявитель получает уведомление об отсутствии сведений.

Если запрос представлен лицом, не имеющим права на получение сведений ограниченного доступа, направляется отказ в предоставлении запрашиваемых сведений.

**Сведения из ГКН могут быть предоставлены в виде:**

- кадастровой выписки об объекте недвижимости;
- кадастрового паспорта объекта недвижимости;
- кадастрового плана территории;
- кадастровой справки о кадастровой стоимости объекта недвижимости;
- копии документа, на основании которого сведения об объекте недвижимости внесены в ГКН.

Для получения подробной информации посетите сайт Росреестра или обратитесь к специалисту в офисе.

# *ИГИЛалъул хIакъикъат*




ИГИЛ ккола батIи-батIияб къокъаби журан лъугьараб гIуцIи. ИГИЛалъул къучIлъун ккола суннитал-радикалал ва Америкаялъ Ираналъул ракьал рахъун хадур балъгояб къокъаби гIуцIарал офицерзаби-баатистал, ИГИЛалъул къакъаби Сириялде тIаде кIанцIана. Гьенир ИГИЛалде лъугьунезул къадар ва къуват цIикIкIана. Гьелъ Сириялда кверщел гьабизе байбихьана. ИГИЛалъе лъикIаб къуват кьуна щибго ихтияр гьечIогоГIиракъалъул ишазде гьоркьобе лъугьараб ва Саддам ХIусен тIаса рехараб Америкаялъул политикаялъ. ГIиракъалда гIадлу-низам хвезабуна Америкаялъ. Америка ГIиракъалде бачIиналде букIана гьениб суннитазда ва шигIитазда гьоркьоб дандеккунгутIи. Амма Америкаялъул «кумекалдалъун» гьеб сверана улкаялда жаниб унеб рагьараб рагъде. Гьелъул хIасилалда суннитал хIакимлъуде рачIана, гьезухъе щвана гIемераб ярагъ ва ахиралда гьез гьеб Америкаялде дандеги хIалтIизабуна.

Америкаялъ гьеб мехалда кумек гьабизе байбихьана «Ал-КъагIидаялъе». Америкаялда божигун рукIарал шигIитазе гьеб данде ккечIо. Дагь-дагьккун ИГИЛалда кверщел гьабизе рес щвана гьачагъазе. Америкаялъул кIудияб гьалатIлъун рикIкIине бегьула гьелъ Башар Асадиде дандечIаразе кумек гьаби. ИГИЛ къо бахъанагIан кIодолъана ва гьелъул кверщаликье нарт ва ГIиракъалъул экономика щвана. Гьенир руго ГIагараб Бакъбаккудаса, Севериябь Америкаялдаса, Европаялдаса, Америкаялдаса, Австралиялдаса гIолилал. Пашманлъизе ккараб жо – гьенир руго Россиялдаса гIолилалги.

ЦРУялъул баяназда рекъон, ИГялъ жиндирго хIакъалъулъ рагьун лъазабидал, боевиказул къадар лъабго нухалда цIикIкIана.

Пайдаял малъиял

# Ханал радалквание хIалтIизаризе ккеялъе анлъго гIилла



Цо-цояз ханал рикIкIуна чорхое щибго хайир гьечIеб нигIмат гIадин ва гьез хIаракат бахъула хоно квананугутIизе.

*Амма ханил нилъер сахлъиялъе кIудияб пайда буго.

*Ханица ракьи лъазе толаро. Радал цо яги кIиго хоно квани, гIемер кваналаро.

*Кумек гьабула хIалакълъизе бокьаразе.

*Ханилъ буго инсанасул чорхое къваригIунеб белокалъул гIураб къадар.

*ГьанжелъизегIан абулаан ханица бидулъ холестериналъул къадар цIикIкIинабулилан, гьелъ ракI унтизабулилан. Амма гьанже гIалимзабаз абулеб буго холестерин ханица цIикIкIинабуларилан.

*ЛъикIлъизабула гIадалнах.

*Ханилъ буго берзул канлъи лъикIлъизабулел антиоксидантал

## *Беразе хъулухъ*

Щивав чияс кIвар кьезе ккола беразде, ай канлъи цIунилалде. Радал беразул ракьанда ва тIелхазда хIебецI рекIун яги рукарулел ругони, гьел чуризе ккола бораялъул кислота гьорлъе жубараб лъелъ тампонги ччун (бащдаб чайдул гьуд бащдаб стакан лъелъе), яги къвакIараб чаялъ, гьединго ромашкаялъул лъеца. Ромашка хIадурула чай гIадин, I0-I5 минуталъ тIокIкIине тола.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 13. 10.16 г. 18.20 фактически -19. 40 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1400 экз.